

Règleman BPS Konsènan Adrès

Nan tan enskripsyon an, chak aplikan dwe prezante omwens twa (3) prèv adrès konsènan kote yo rete an baze sou lis piba a. Dokiman prèv sa yo dwe pou yo se enprime ak non epi adrès kourant paran ou gadyen elèv lan* pòte avèk youn an jou enskripsyon an.

Regleman sou prèv kote ou rete a pa pou elèv ki rekonèt yo san kay. Si ou kwè ou pami moun ki pa gen kote pou yo rete oswa se ka moun ou oblije desann pou ou viv, pa ezite konsilte biwo "Homeless Student Unit" nan (617) 635-8037.

Lè ou ap enskri yon timoun, tout moun dwe prezante AN PÈSONN avèk youn nan dokiman sa yo ki soti nan chak gwoup sa yo ki ka pwouve ou rete nan Boston: Gwoup A, Gwoup B, ak Gwoup C. Tout papye yo dwe gen menm adrès la sou yo.

| GWROUP A | GWROUP B | GWROUP C |
|--|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> Kopi papye kay la AK dosye dènye bòdro kote ou te peye kay la Kopi lwaye kay la (tankou kopi kay leta BHA ak HUD) AK resi dènye pèman an Afidavi legal mèt kay la ki afime ou se lokatè AK dènye pèman lwaye kay la Akò Seksyon 8 (Section 8 agreement) <p>Ou dwe prezante toulede dokiman sa yo.</p> | <p>Yon bòdro sèvis oubyen resi travay yo te fè pandan 60 dènye jou ki sot pase yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Bòdro gaz Bòdro lwil pou chofe kay Bòdro kouran elektrik Bòdro telefòn lakay Bòdro kab televizyon <p>Nou pa asepte bòdro telefòn selilè ak bodro dlo.</p> <p>Si yon fanmi pataje kay la ak yon moun oubyen yon lòt fanmi epitou li pa peye lwaye kay la, fanmi an kapab bay yon resi tankou limyè, dlo, oubyen gaz ki sou non mèt kay la oubyen moun ki lwe kay la.</p> | <ul style="list-style-type: none"> Yon lisans chofè nan Massachousèt ki poko perime Registrasyon papye machin ou Foto kat didantite nan Masachousèt Paspò ki pa perime <p>Date dènye ane ki sot pase a:</p> <ul style="list-style-type: none"> Fòm W-2 enpo Resi Taks pou lari (Excise tax bill) Enpo lokatif <p>Date dènye 60 jou ki sot pase yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Lèt yon ajans gouvènman an rekonèt Sous chèk Dosye oswa bòdro kat kredi oubyen labank |
| <p>(1) Sètifika vaksinyasyon ajou; tanpri gade detay yo anba a (2) Batistè oswa paspò pou enskri nan Kindègatenn ak nan premyè Ane</p> | | |

*Kozman gadyen legal lan dwe gen avèk li plis dokimantasyon ki sòti nan tribinal ou nan yon ajans. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou règleman adrès lan (residency policy) rele 617.635.9014.

Vaksinyasyon

| Klas: | K0 (age 3) | K1/K2 (ages 4-5) | Gr. 1-6 | Gr. 7-12 |
|--------------------------------|---------------|---------------------|------------|-------------|
| Hepatitis B: | 3 | 3 | 3 | 3 |
| DtaP/DTP/ DT/Td: | ≥4 | 5 | 5 | 4 ó 3+ |
| Refuerzo Td: | | | | 1 |
| Polio: | ≥3 | 4 | 3 | ≥3 |
| Hib: | 1-4 | 0 | 0 | 0 |
| MMR: | 1 | 2 | 2 | 2 |
| Varicela (chicken- pox): | 1* | 2* | 2* | 2* |

*oswa dokimantasyon li te gen maladi a